



Pou Piblikasyon Imedya: 18/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU APWOBASYON FON POU ASISTANS PWOPRIYETÈ A

"Pandan n ap konsantre sou rekiperasyon apre pandemi an, nou dwe fè tout sa nou kapab pou ede Nouyòkè yo rete lakay yo. New York te yon modèl pou jwenn soulajman pou sila yo k ap lite, epi mwen fyè ke nou se premye eta nan peyi a ki resevwa apwobasyon Trezò Ameriken an pou pwogram Fon pou Asistans Pwopriyetè a, k ap distribye finalman apeprè 539 milyon dola pou ede pwopriyetè kay ki nan pi gwo risk pou sezi oswa deplasman yo.

Anvan apwobasyon sa, nou t ap prepare yon plan mizanplas pou ede rapidman pwopriyetè kay revni modere ak revni ki fèb yo, ki defavorize sosyalman, epi n ap revele yon kanpay sansibilizasyon nan tout eta a nan pa lontan pou bay enfòmasyon ki enpòtan pou pwopriyetè kay ki riske yo pou yo ka prepare pou aplike depi fenèt aplikasyon an ouvri.

Ekip nou an te rete nan kominikasyon depre epi l ap rete nan kominikasyon ak kreyansye, sèvis piblik, ak otorite fiskal minisipal yo, kooperatris, ak pwopriyetè kay fabrike yo pou asire ke pwogram sa reyisi epi finansman sa distribye bay Nouyòkè ki nan bezwen yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)